

— MALADI SIK AK TANSYON

Ou ka pa santi anyen.

You may feel nothing at all.



Dyabèt ak tansyon ka ap fè dega nan kò w pandan **ane** — san ou pa gen okenn doulè, okenn sentòm. Se konsa yo rive nan konplikasyon.

Diabetes and high blood pressure can damage your body for years with no pain and no symptoms. That is how complications begin.



JE
vin avèg



REN
dyaliz



PYE
anpitasyon



KÈ
kriz kadyak



Gade videyo a an kreyòl

Watch the video in Haitian Creole

10 minit

Gratis

Eskane kare a — oswa ale sou :

dorothieblanc.com/video

RELE KLINIK LA

 **(813) 855-0777**

4182 N Armenia Ave, Tampa, FL 33607

Ijans : rele **911**

Pwojè DNP — University of Florida,
College of Nursing

3 konsèy pou w evite konplikasyon

3 steps to avoid complications

1

Pa kite lajan oswa lang bloke w

Don't let money or language stop your care



- Mande pale ak yon travayè sosyal — anpil klinik gen yon pri vizit ki depann de revni w.
- Mande doktè a si gen yon medikaman jenerik : li koute mwens chè.



« Mwen pa pale anglè, mwen bezwen yon entèprèt kreyòl. »

Se dwa w. Entèprèt la gratis — mande l chak vizit.

2

Pale ak doktè w sou tout remèd ou pran

Tell your doctor about every remedy you use



Nou pa mande w bliye tradisyon w. Nou mande w **pataje** yo ak doktè w :



Te kannèl, lalwa, tizann, fèy



Sèl sou tèt pou tansyon



Vitamin oswa siplèman



Remèd san preskripsyon

⚠ Danje : de remèd ansanm ka fè tansyon w oswa sik ou desann twò ba.

3

Pran medikaman w chak jou — kenbe yon kanè

Take your medicine every day — keep a notebook



- Pa tann pou w santi tèt fè mal. Lè sentòm yo parèt, dega a ka deja kòmanse.
- Achte yon ti kanè : ekri tansyon w, sik ou, ak lè w pran medikaman. Pote l chak vizit.

4 KESYON POU W POZE DOKTÈ W

1. Kisa rezilta m yo vle di ?
2. Èske gen yon medikaman jenerik ?
3. Èske remèd mwen an deranje medikaman m ?
4. Kisa pou m fè si m bliye yon dòz ?

Ou pa pou kont ou.

Cenatus Healthcare — 4182 N Armenia Ave, Tampa, FL 33607

(813) 855-0777

ljans : 911